



Pou Piblikasyon Imedya: 26/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVÈL AKSYON POU OGMANTE DIVÈSITE NAN GOUVÈNMAN ETA A

*Gouvènè a Adopte Rekòmandasyon Konsèy Konsiltatif sou Divèsite ak Enklizyon yo (Advisory Council on Diversity and Inclusion) pou Ogmante Divèsite nan Gouvènman Eta a*

*Nouvo Pwojè Lwa a Pral Modènize Sistèm Sèvis Sivil Eta a epi Akselere Anbochaj Minorite yo nan Gouvènman Eta a*

*Kontinye Ajoute sou Eritaj Gouvènè Cuomo a nan Elaji Opòtinite yo pou Nouyòkè yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a aksyon enteresan pou ogmante kantite minorite ki nan mendèv gouvènman Eta a, ki enkli pwopozisyon pwojè lwa pou kapab akselere anbochaj divès kandida ki wotman kalifye yo, epi elaji aksè a tès ak preparasyon pou egzamen Sèvis Sivil yo. Aksyon sa yo te rekòmande pa [Konsèy Konsiltatif sou Divèsite ak Enklizyon Gouvènè a](#).

“New York gen yon istwa long epi fyè nan anbrase divèsite epi poze aksyon desizif pou demantle baryè kont mobilite sosyal ak ekonomik yo, ak pwomès opòtinite egal pou tout Nouyòkè,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou poze aksyon sa yo ki rekòmande pa Konsèy Konsiltatif la, nou pral abòde minorite ki pa byen reprezante yo nan mendèv gouvènman Eta a, epi asire ke lidèchip nou an refilete fòs divès kominote New York yo.”

Gouvènè Cuomo te aksepte tout 10 rekòmandasyon Konsèy lan, ke yo pral enkòpore kounye a nan Plan Estratejik Senk Ane pou Divèsite ak Enklizyon nan Eta New York lan. Rekòmandasyon yo anba la.

### **Pwojè Lwa pou Kapab Akselere Anbochaj Divès Kandida yo**

Pwojè lwa a pral amande Lwa Sèvis Sivil lan (Civil Service Law) pou kapab akselere anbochaj divès kandida ki wotman kalifye yo, epi amelyore opòtinite mobilite karyè yo nan gouvènman Eta a, ki enkli pi gwo fleksibilite nan elaji nominasyon ak transfè ant pozisyon yo.

## **Kreye yon Estrateji Rekritman Ki Vize pou Pwomouvwa Karyè Sèvis Piblik yo**

New York pral pwomouvwa avantaj ki genyen nan yon karyè nan sèvis piblik nan enpleman jefò sansibilizasyon estratejik ak komèsyalizasyon yo, ki te vize bay mak rekritman ki pi enperye pou Eta New York ak ajans li yo. Jefò sa yo pral edike pwochèn jenerasyon lidè yo sou valè sèvis piblik, epi konstwi yon oleyodik nouvo talan divès.

## **Elaji Espas Randevou pou Administrasyon Tès Eta yo**

Depatman Sèvis Sivil lan (Department of Civil Service) pral elaji espas randevou tès yo nan enstitisyon fòmasyon siperyè yo, ki enkli SUNY ak CUNY, menm jan ak etablisman ki baze sou kominote yo, pou kapab amelyore opòtinite rekritman ak anplwa pou divès popilasyon.

## **Amelyore Sèvis Preparasyon Egzamen yo pou Ogmante Reyisit Kandida**

Depatman Sèvis Sivil lan pral devlope epi pwomouvwa nouvo materyèl preparasyon egzamen yo pou kapab ankouraje patisipasyon nan egzamen Sèvis Sivil yo, epi prepare pi byen moun ki ap pran egzamen yo pou reyisit fiti. Sa pral enkli itilizasyon Sant Karyè Depatman Travay yo (Department of Labor Career Centers) ak itilizasyon ki ogmante de medya sosyal ak lòt teknoloji yo pou kapab bay kontni preparasyon egzamen nan yon fason ki pi modèn epi aksesib.

## **Egzije Fòmasyon Divèsite ak Enklizyon pou Lidèchip Ajans yo**

Lidè ak direktè ajans yo dwe posede sifizamman konesans, aptitud, ak resous pou kapab atire, anboche, konsève, epi pwomouvwa anplwaye ki gen sitiyasyon divès yo. Li vital pou tout anplwaye yo konprann totalman atant yo pou egalite nan espas travay yo. Yo pral egzije nouvel fòmasyon pou tout chèf, lidèchip egzekitif ak pèsònèl ajans yo ki responsab pou rekritman ak konsèvasyon pou kapab kiltive yon anviwònman travay ki pi enklizif, epi bay fondasyon pou kapab aplike politik yo ak efikasite ak pratik yo ki pwomouvwa divèsite ak enklizyon nan espas travay la.

## **Ogmante Patisipasyon nan Pwogram Anbochaj Gouvènè a pou Moun ak Veteran Ki Gen Andikap yo**

Depatman Sèvis Sivil lan pral etabli nouvo patenarya ak Biwo Sèvis Kontinyite Edikasyon ak Karyè Granmoun nan Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department's Office of Adult Career and Continuing Education Services) – Sant Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation Center) ak Depatman Afè Veteran yo (Department of Veterans Affairs), pou kapab ogmante kantite moun ak veteran ki gen andikap yo ki ap konekte ak opòtinite travay yo. Lwa Sèvis Sivil Eta New York lan, Seksyon 55-b a otorize Komisyon Sèvis Sivil Eta New York lan (New York State Civil Service Commission) pou chwazi jiska 1,200 pozisyon nan klas ki pa konpetitif yo pou yo ranpli pa moun ki gen andikap ki kalifye yo. An plis, Seksyon 55-c nan lwa sa otorize chwa jiska 500 pozisyon nan klas ki pa konpetitif yo pou yo ranpli pa veteran lagè ki kalifye yo.

### **Idantifye Kandida Ki Gen Ekspètiz Jesyon Divèsite yo**

Depatman Sèvis Sivil lan pral pwomouvwa itilizasyon zouti jesyon mendèv ak rekritman pou pwofesyonèl Resous Imèn yo nan ajans Eta yo ki ap chèche kandida ki fyab pou pozisyon yo. Yon zouti parèy se Opsyon Jesyon Divèsite a (Diversity Management Option), ke yo itilize kòm yon pati nan egzamen konpetitif, pou ranpli pòs travay vakan yo lè gen yon nesosite ki demontre pou moun ki fòme a pou genyen yon konpreyansyon sou jesyon divèsite ak prensip opòtinite egal yo pou kapab pèfòme devwa ak responsabilite esansyèl yo pou pozisyon an.

### **Etabli Ajans Adjwen pou Ekip Politik Administrasyon (Agency Deputy for Administration Policy Team, ADAPT)**

Komisè Adjwen pou Administrasyon an yo pral patisipe nan reyinyon politik ak pwogram Resous Imèn yo ki dwe dirije an kolaborasyon ak Depatman Sèvis Sivil lan ak Konsèy Pèsonèl Eta New York lan (New York State Personnel Council). Reyinyon ADAPT yo pral egzije diskisyon ak patisipasyon nivo egzekitif sou pwoblèm politik ak pwogram Resous Imèn yo ki konsène jesyon divèsite mendèv yo, asire ke ajans Eta yo adere a lidèchip estratejik ak estrateji responsabilite yo, swiv pratik jesyon mendèv ki konsistan yo, epi reyalize objektif enklizyon ak divèsite yo.

### **Modènize Devwa ak Responsabilite Administratè Aksyon Afimatif yo**

Yo te wè istorikman pozisyon Administratè Aksyon Afimatif (Affirmative Action Administrator) aktyèl lan kòm yon wòl ki baze sou konfòmite. Pou kapab anbrase yon pèspektiv ki pi laj konsènan konesans ak zouti yo ki nesese pou kapab atire siksè epi ogmante divèsite nan mendèv Eta a, yo pral evalye epi modènize responsabilite travay pou Administratè Aksyon Afimatif aktyèl yo pou kapab reflete pi byen aptitud ak konpetans ki egzije pa praktisyen divèsite yo pou jere epi dirije òganizasyon ki divès epi konplèks yo.

### **Devlope Manyèl Gid Divèsite Atravè Eta a Ki Konsistan ak Opòtinite Anplwa Egal yo (Equal Employment Opportunity, EEO)**

Lè nou genyen manyèl gid EEO ak divèsite ki konsistan epi ki byen dokimante yo sa pral fè li klè pou tout moun ke egalite nan espas travay yo li se estanda a, men se pa eksepsyon an. Nouvo manyèl gid yo pral retounen etabli yon liy baz pou egalite ak jistis ak konpòtman ki akseptab nan espas travay la.

**Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta epi Prezidan Konsèy Konsiltatif lan, te deklare,** “Gouvènè Cuomo te toujou yon defansè pou divèsite ak enklizyon. Nan non Konsèy Konsiltatif la an antye, nou fyè pou nou fè rekòmandasyon enpòtan sa yo pou kapab ede reyalize vizyon Gouvènè a pou genyen yon mendèv eta a ki pi reflete kominote koulè ak varye New York yo.”

**Marcos Crespo, ki se Manm Asanble, te deklare,** “Atravè administrasyon li an, Gouvènè Cuomo te yon avoka san fatige pou divèsite ak enklizyon, nan ogmante aksè a opòtinite sosyal ak ekonomik ke tout Nouyòkè yo merite, san kenbe an kont ras oswa sèks oswa kilti. Nan anbrase rekòmandasyon sa yo ki te fèt pa Konsèy Konsiltatif lan

epi poze aksyon pou kapab ogmante divèsite nan sèvis piblik la, nou pral bay moun ki ap travay di yo pouvwa pou kapab kontribiye nan kwasans ekonomik ak divèsite ke Empire State te fonde sou yo. Nan New York, nou konnen ke divèsite se pi gwo fòs nou, epi mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li ap travay pou fè eta nou an vin pi djanm ankò.”

**Nick Perry, ki se Manm Asanble, te deklare,** “Antan ke yon manm nan Konsèy Konsiltatif lan mwen kontan pou mwen aprann ke Gouvènè Cuomo te aksepte ak tout kè li tout rekòmandasyon nou yo, epi mwen aplodi li poutèt li ap poze aksyon enteresan pou kapab asire ke gouvènman Eta a reprezantatif de kominote divès New York yo. Aksyon sa yo pral ede atire epi konsève kandida divès ki talantye yo nan gouvènman Eta a ki pral an retou ede gwo eta nou an vin menm pi gwo ankò. Mwen espere travay ansanm ak Gouvènè Cuomo pou kontinye ajoute sou aksyon sa yo, ogmante aksè a resous yo pou divès kandida yo, epi bay tout moun pouvwa pou monte sou nechèl opòtinite a nan New York.”

**Rose Rodriguez, ki se Chèf Ofisye Divèsite, te deklare,** “Mendèv nou an pi fò lè tout moun kapab patisipe, epi lè nou fè gouvènman Eta a nou an pi reprezantatif de gwo divèsite ak talan ki nan New York, sa se kle reyisit aktyèl ak fiti nou. Nan ogmante aksè a fòmasyon ak resous egzamen yo, Nouyòkè yo ki gen tout tip aptitud ak orijin yo pral kapab posede kondisyon preyalab ki nesesè yo pou kapab rantre nan mendèv gouvènman an, jwenn yon salè ki jis epi sipòte fanmi yo. Mwen felisite Gouvènè a poutèt li poze aksyon enteresan sa yo pou kapab reyalize rekòmandasyon Konsèy lan, epi mwen espere travay ansanm ak li pou kontinye pouse devan prensip divèsite, enklizyon ak opòtinite ekonomik santral nou yo pou tout moun.”

**Lola W. Brabham, ki se Komisè Pa Enterim nan Depatman Sèvis Sivil lan, te deklare,** “Aksyon sa yo souliye rekò Gouvènè Cuomo a nan ranfòse divèsite ak pwomosyon opòtinite ak aksè egal pou tout Nouyòkè yo. Atravè travay Konsèy Konsiltatif lan, gouvènman Eta New York ap planifye estratejikman pou mendèv fiti an, pou ke nou kapab byen prepare pou reponn a nesesite ak atant de sila yo ke nou ap sèvi.”

Manm Konsèy Konsiltatif sou Divèsite ak Enklizyon Gouvènè an yo se:

- Rossana Rosado (Prezidan) ki se Sekretè Eta
- Marcos Crespo ki se Manm Asanble, Prezidan Fòs Entèvansyon Pòtoriken/Ispanik lan
- Nick Perry ki se Manm Asanble, Prezidan Komite Elektoral Kò Lejislatif Nwa, Pòtoriken, Ispanik, ak Azyatik
- Rose Rodriguez ki se Chèf Ofisye Divèsite
- Lola W. Brabham ki se Komisè Sèvis Sivil
- Elizabeth de León Bhargava ki se Sekretè Adjwen pou Travay
- Sabrina Ty ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Environmental Facilities Corporation
- Linda Sun ki se Direktris Afè Ekstèn - Global NY nan Empire State Development

Gouvènè Cuomo te kreye Konsèy Konsiltatif sou Divèsite ak Enklizyon an nan mwa Mas 2016 epi li te ba li wòl pou idantifye baryè yo ki anpeche atire, anboche epi konsève yon mendèv divès epi ki wotman kalifye, epi fè rekòmandasyon pou amelyorasyon. Minorite yo aktyèlman reprezante anviwon 26 pousan nan mendèv gouvènman Eta a, jiska nan 23.2 pousan an 2006. Anplwaye kokasyen yo reprezante 58.4 pousan nan tout mendèv travay Eta New York la an antye, men 74 pousan nan mendèv gouvènman Eta New York lan.

Responsabilite Konsèy la te enkli egzaminasyon enfòmasyon ki enpòtan ak pi bon pratik yo nan alafwa sektè piblik ak prive a, idantifye defi ak opòtinite yo ki genyen nan sistèm sèvis sivil ki egziste a, epi kolabore ak Ajans Eta lòt òganizasyon kle yo. Reyinyon yo te òganize pa pati prenan yo nan kominote a pou kapab fasilite yon dyalòg konsènan divèsite ak enklizyon nan gouvènman Eta a, epi pou kapab jwenn epi entegre vwa pati prenan ki enfòm yo nan pwosesis reyalizasyon politik yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418